

## **Gid de Baz lwa Nasyonal Relasyon Travay**

**Prensip jénéral lalwa sou stati e pwosédi nan konsèy Nasyonal Relasyon Travay**

Se yon edisyon révizé nan brochi orijinal la ki te daté nan lané 1962. Li bay yon fondasyon debaz pou pi bon konpreyansyon nan lwa Nasyonal Relasyon Travay e avèk administrasyon li yo.

Yon tablo spesyal ki aranjé sistematikman tip de ka koté yon anplwayè oswa yon òganizasyon travay ka enpliké anba lwa, enkli alafwa ka pratik delwayal travay e pwosédi reprézantasyon éleksyon, parèt nan ti liv la.

Préparé nan Biwo Avoka Jénéral KONSEY NASYONAL RELASYON TRAVAY

U.S. GOVERNMENT PRINTING OFFICE WASHINGTON. . 1997 For sale by the Superintendent of Documents, U.S. Government Printing Office Washington, D.C. 20402

## TAB MATYE

<b>Rezimé sou Lwa</b>	<b>1-1</b>
Bi lwa	1
Ki sa lwa bay	1
Kòman lwa ranfòsé	1
Kòman materyèl sa òganizé	1
<b>Dwa Travayè yo</b>	<b>2-5</b>
<b>Seksyon 7 Dwa</b>	<b>2</b>
Men kèk egzanzp sou seksyon 7 dwa	2
<b>Inyon Sekirite</b>	<b>2</b>
Akò-Inyon Sekirite	2
Kondisyon pou akò sekirite inyon	2
Akò anvan anbochman nan endistri konstriksyon	2
<b>Dwa pou fè grèv</b>	<b>3</b>
Grèv legal e ilégal	3
Grèv pou yon objè legal	4
Grévis ekonomik défini	4
Grévis pratik delwayal travay défini	4
Grèv ilégal nan objektif li	4
Grèv ilegal akòz tan—Efè kontra ou pa ka fè grèv	4
Menm jan—Grèv nan fin peryod kontra	5
Grèv ilegal akòz movèz kondwit grévis yo	5
<b>Dwa a piktaj</b>	<b>5</b>
<b>Negosiyasyon kolektif ak Reprézantasyon Travayè yo</b>	<b>6-13</b>
<b>Négosiyasyon kolektif</b>	<b>6</b>
Obligasyon pou negosyé ki enpozé alafwa sou anplwayè ak Sendika	6
Etap nan negosiyasyon pou mété fin oswa chanjé yon kontra	6
Lè etap negosiyasyon-an pa nésésè	6
<b>Reprezantan Travayè-a</b>	<b>7</b>
Ki sa yon inité negosiyasyon apwopriyé ye	7
Fason pou detèminé si yon inité apwopriyé	7
Kimoun ki kapab fè pati nan yon inité	7
Devwa reprezantan negosiyasyon avèk anplwayè	8
<b>Kòman yon reprézantan négosiyasyon seleksyoné</b>	<b>8</b>
Petisyon pou sètifikasyon reprézantan yo	8
Pétisyon pou révoké sètifikasyon eleksyon	8
Inyon –Sékirite pou révoké otorizasyon	8
Bi investigasyon ak odians	8
Jiridiksyon pou kondwi yon eléksyon	9
Eleksyon aksélére anba seksyon 8(b)(7)(C)	9
Montré entèrè egzijé	9
Kesyon ki egzisté pou reprézantasyon	9
Kimoun ki kapab kalifyé kòm reprézantan négosiasyon	9
<b>Bar nan eleksyon</b>	<b>10</b>
Kontra aktyèl négosiasyon kolektif	10
Dispozisyon anrapò sou tan	10
Ki lè yon petisyon ka dépozé si gen yon kontra ki egzisté déjà	10

## TAB MATYE

Efè nan sètifikasyon	10
Efè anvan eleksyon	11
Ki lè yon pètisyon ka dépozé si te genyen yon eléksyon anvan	11
<b>Eleksyon Reprézantasyon</b>	<b>11</b>
Akò konsantman eleksyon	11
Kimoun ki detèminé zafè eleksyon	11
Kimoun ki kapab voté nan yon eleksyon reprézantasyon	11
Ki lè grevis yo ka gen pèmision pou yo voté	12
Ki lè eleksyon yo te fèt	12
Kondwit eleksyon yo	12
<b>Pratik delwayal travay anplwayè yo</b>	<b>14-22</b>
<b>Seksyon 8(a)(1)—Intèferans avèk Seksyon 7 Dwa</b>	<b>14</b>
Egzanp violasyon nan Seksyon 8 (a) (1)	14
<b>Seksyon 8(a)(2)—Dominasyon oswa asistans ilégal ak sipò nan yon travay Oganizasyon Travay</b>	<b>14</b>
Dominasyon	14
Asistans ilégal ak sipò	14
Egzanp violasyon nan Seksyon 8 (a) (2)	15
Solisyon nan ka dominasyon diferan de ka asistans ilegal ak sipò	15
<b>Seksyon 8(a)(3)—Diskriminasyon kont Travayè</b>	<b>15</b>
Sékirite sendika eksepsyon a Seksyon 8(a)(3)	15
Lwa pa limité dwa anplwayè-a pou-l révoke pou rézon ekonomik	16
Egzanp violasyon nan Seksyon 8(a)(3)	<b>16</b>
<b>Seksyon 8(a)(4)—Diskriminasyon pou Aktivité NLRB</b>	17
Egzanp violasyon nan Seksyon 8 (a) (4)	17
<b>Seksyon 8(a)(5)—Refizé negosyé an tout bonn fwa</b>	17
<b>Kalite ka yo</b>	<b>18-19</b>
Egzijans ki fèt nan négosiasyon yo	20
Devwa pou negosyé défini	20
Ki sa ki konstityé yon violasyon nan Seksyon 8 (a) (5)	20
Devwa pou rankontré e konféré	20
Devwa pou founi enfòmasyon	20
Negosiyasyon ant plizyè anplwayè	20
Devwa pou evité aksyon inilatéral	20
Devwa anplwayè siksesè yo	21
Egzanp violasyon nan Seksyon 8 (a) (5)	21
<b>Seksyon 8(e)—Antré nan yon akò Hot Cargo</b>	<b>21</b>
Ki sa ki entèdi	21
Eksepsyon pou konstriksyon ak endistri rad	21
<b>Pratik delwayal travay òganizasyon Travay</b>	<b>23-32</b>
<b>Seksyon 8(b)(1)(A)—Retni ak kontrent travayè yo</b>	<b>23</b>
Seksyon 8(b)(1)(A) Konparé avèk seksyon 8(a)(1)	23
Ki sa ki vyolé Seksyon 8(b)(1)(A)	23
Egzanp violasyon nan Seksyon 8(b)(1)(A)	23
<b>Seksyon 8(b)(1)(B)— Retni ak kontrent Anplwayè yo</b>	<b>24</b>
Egzanp violasyon nan Seksyon 8(b)(1)(B)	24
<b>Seksyon 8(b)(2)—Kozé oswa eseyé kozé diskriminasyon</b>	<b>24</b>

## TAB MATYE

Ki sa ki violé Seksyon 8(b)(2).	25
Pratik ilegal lè y-ap anplwayé moun	25
Akò ilegal sekirite sendikal	25
Egzanp violasyon nan Seksyon 8(b)(2)	25
<b>Seksyon 8(b)(3)—Refizé pou négosyé an bonn fwa</b>	<b>26</b>
Egzanp violasyon nan Seksyon 8(b)(3)	26
<b>Seksyon 8(b)(4)—Entèdi grèv ak boykotaj</b>	<b>27</b>
Entèdi Aksyon: Pwovoké oswa ankourajé grèv nan travay, oswa boykotaj	27
Entèdi Aksyon: Menas, retni, ak kontrenn	27
Alineya (A)—Entèdi objè: Kontrenn apatenans a yon anplwayè	27
Oswa òganizasyon travay la oswa kontrenn yon akò Hot Cargo	28
Egzanp violasyon nan Seksyon 8(b)(4)(A)	28
Egzanp violasyon nan seksyon 8(b)(4)(B)	28
Lè yon patron pa pwotejé kont grèv ak boykotaj segondè	28
Lè yon sendika kapab piktaj yon anplwayè ki patajé yon sit avèk yon lòt anplwayè	28
Fè Piktaj nan baryè kontraktè yo	29
Alineya (B)— Entèdi objè: kontrenn pou rekonèt yon sendika ki pa sètifyé	29
Alinéya (C)— Entèdi objè: kontrenn pou rekonèt yon sendika si yon lòt sendika te sètifyé	30
Alinéya h (D)— Entèdi objè: Kontrenn pou atribiyé sèten travay à sèten travayè	30
Piblisité tankou bòdwo ala men pèmi pa seksyon 8(b)(4)	30
<b>Seksyon 8(b)(5)—Twòp oswa frè manm diskriminatwa</b>	<b>30</b>
Egzanp violasyon nan seksyon 8(b) (5)	30
<b>Seksyon 8(b)(6)—"Anboché plis travayè ke sa ki bezwen"</b>	<b>31</b>
<b>Seksyon 8(b)(7)—Oganizasyon e Rekonesans Piktaj pa Sendika ki pa sètifyé</b>	<b>31</b>
Piblisité Piktaj	31
Eleksyon akséléré anba seksyon 8(b)(7) (C)	31
Egzanp violasyon nan seksyon 8(b)(7)	32
<b>Seksyon 8(e)—Antré nan yon akò Hot Cargo</b>	<b>32</b>
<b>Seksyon 8(g)—Grévé oswa piktaj yon Enstitisyon Santé san yon notis préyalab</b>	<b>32</b>
<b>Kòman lwa ranfòsé</b>	<b>33-39</b>
<b>Oganizasyon NLRB</b>	<b>33</b>
Konsèy la-Biwo jeneral Avoka-Biwo rejonan yo	33
Fonksyon NLRB	33
<b>Otorité NLRB</b>	<b>33</b>
Antrepriz aktivite yo afekté komès	33
Ki sa komès ye	33
Ki lè operasyon yon anplwayè afekté komès	33
Komisyon-an pa aji nan tout ka ki afekté komès	34
NLRB standa jiridiksyon	34
Lwa pa kouvri sèten moun	35

## TAB MATYE

Sipèvizè defini	36
Lwa pa kouvri sèten anplwayè	36
<b>NLRB Pwosédi</b>	<b>36</b>
Pwosédi nan reprézantasyon ka yo	36
Pwosédi nan ka delwayal travay	37
Règ 6 mwa pou limité poté plaint	37
Apèl a Avoka Jeneral-la si plaint la pa delivré	37
<b>Pouvwa NLRB</b>	<b>37</b>
Pouvwa konsènan investigasyon	38
Lwa se yon reparasyon li pa kriminel	38
Konsèy la ka òdoné yon aksyon pozitif	38
Egzanp aksyon pozitif anvè anplwayè yo	38
Egzanp aksyon pozitif anvè sendika yo	38
<b>Pwosédi spesyal nan sèten ka</b>	<b>38</b>
konfli pwosédi jiridiksyonèl	38
Investigasyon sèten ka dwe genyen	39
priyorité	39
Pwosédi enjonksyon anba seksyon 10(1)	39
sekou enjonktiv kapab mandé nan lòt ka yo	39
<b>Tribinal ranfòsé òdonans konsèy la</b>	<b>39</b>
Nan tribinal apèl Etazini	39
Revizé pa Tribinal Siprèm Etazini	39
<b>Konklizyon</b>	40
<b>Sipléman</b>	
Tablo, “Kalité ka yo”	18-19
Lis Direktè Réjyonal avèk adrès Biwo Réjyonal yo	41

## Préfas

Biwo Rejyonal Konsèy Nasyonal Relasyon Travay yo konstaté ke dépi plis ke 60 lané aprè adopsyon li, genyen toujou yon mank de fòmasyon debaz sou lwa Nasyonal Relasyon Travay. Pèsonèl la te eksprimé yon bezwen pou explikasyon nan lwa koté nenpòt moun te ka referé pou yon gid. Pou satisfè a demann sa, lwa fondamantal anvèti lwa te ekspozé nan bwochi sa nan yon fason ki pa teknik pou ke moun ki touché pa li kapab myé konprann ki sa dwa ak obligasyon yo ye.

Nenpòt efè ki vizé pou enonsé prensip debaz lalwa nan yon fason ki senp se yon tach difisil e anviable. Sa spesyalman vrè sou lwa travay, yon domèn relativman kompleks nan lwa. Nenpòt moun kap li bwochi sa dwe genyen nan lespri-l plizyè mize angad.

Premyèman, li dwé souliyé ke Biwo Avoka Jeneral la pa emèt avi konsiltatif e matériel sa pa ka konsidéré kòm yon déklarasyon ofisyèl lalwa. Li reprezanté pwoin devi biwo Avoka jeneral la nan dat piblikasyon-an sèlman. Li enpòtan pou nou noté ke lwa chanjé e pwogresé. An efè se devwa Ajans la pou-l kenbe desizyon yo anrapò avèk evolisyon kondisyon yo, ankò nan lwa debaz yo. Ankonsékans, avèk pasaj tan-an, pèsonn pa ka konté sou deklarasyon sa yo kòm absolli jiskaské ou sòf yon vérifikasyon te fèt pou wè si lwa te chanjé anpil oswa spésifikman.

An efè, sa yo se sèlman prensip jeneral ak anpil sou-prensip e regléman detayé yo pa enkli. Sèlman lè-w evalyé fè spésifik nan sitiyasyon yo atravè limyé prensip aktièl yo avèk èd nan konsèy ekspè yon moun kapab anmezi pou konnen définitivman ki kondwit anvizajé ki kapab plasé anba stati-a. Okenn liv élémanté oswa tèks ka konstityé yon konsèy légal nan yon sitiyasyon anpatikilé. Efè sa pou amélyoré edikasyon debaz nan lwa pa ta dwé konsidéré kòm tèl. Gen anpil seksyon nan stati-a ki pa janm testé. Konséyé legal yo avèk lòt ekspè kapab jwenn tout kò lwa ki rapòté nan lòt piblikasyon ajans yo.

Yon lòt prékosyon: Matéryèl sa pa trété kesyon ki relevé sou lòt lwa travay yo, men sèlman avèk Lwa Nasyonal Relasyon Travay. Lwa ki administré pa lòt ajans gouvènman yo, tankou lwa 1959 sou lwa enfòmasyon ak rapò jesyon travay, lwa administré pa lòt ajans gouvènman yo, tankou lwa 1959 sou lwa jesyon travay rapò sou divilgasyon, lwa sou reveni travayé ki retrété, lwa sou sekirité travay ak lasanté, lwa sou travay cheminde fè, nòm travay ekitab, lwa sou Walsh-Healey and Davis-Bacon, Tit 7 lwa sou dwa sivil de 1964, lwa pou Ameriken ki gen andikap, lwa fédéral sou sekirité mine avèk santé, e lwa sou préferans ansyen konbatan yo, pa trété nan matéryèl sa.

Anfin, dokiman sa pa refleté opinion Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la kòm ajans k-ap desidé ala fin chak ka ki parèt devan-l.

Li esperé ke nòt prékosyon ki nan bwochi-a kapab itil a moun ki bezwen yon meyè konpréyansyon debaz nan lwa Nasyonal Relasyon Travay.

## Rezimé lwa

Objektif lwa sa. Li nan enterè nasyonal Etazini pou-l genyen yon pwodiksyon antyé nan ekonomi li. Konfli sosyal pami travayé yo, anplwayé yo, e òganizasyon travay kap entèféré avèk pwodiksyon antyé e ki kontrè avèk enterè nasyonal nou. Eksperyans montré diskisyon nan travay ka redwi si pati ki enpliké yo rekonèt dwa léjitim chak moun nan relasyon yo avèk yonn lòt. Pou établi dwa sa yo anba lalwa, kongrè te adopté lwa nasyonal relasyon travay. Bi li se pou défini e pwotejé dwa travayé yo avèk anplwayé yo, pou ankourajé négosiasyon kolektif, e pou eliminé sèten pratik sou pati travay ak jesyon ki ka danjeré a byenèt jénéral.

Ki sa lwa bay. Lwa Nasyonal Relasyon Travay dekaré e défini dwa travayé yo pou òganizé e negosyé kolektivman avèk anplwayé yo atravè reprézantan yo chwazi oswa pou yo pa fè sa. Pou asiré ke travayé yo ka chwazi libremman pwòp reprézantan yo pou bi négosiasyon kolektif, oswa chwazi pou yo pa reprezanté, lalwa établi yon pwosédi koté yo kapab egzèsé chwa yo nan yon eleksyon bilten sekrè òganizé pa Konsèy Nasyonal Relasyon Travay. Pi lwoin, pou pwotejé dwa travayé yo ak anplwayé yo, e pou prevni diskisyon travay ki kapab afekté négativman dwa piblik la, Kongrè-a te défini sèten pratik anplwayé yo ak sendika tankou pratik delwayal travay.

Kòman lwa ranfòsé. Lwa administré e ranfòsé prensipalman pa Konsèy Nasyonal Relasyon Travay e Avoka Jénéral la aji atravè 52 biwo rejyonal ak lòt biwo lokal lokalizé nan gwo vil yo nan diferan seksyon peyi-a. Avoka Jeneral la avèk



Pèsonel nan biwo rejyonal yo investigé e pouswiv ka pratik delwayal travay yo e òganizé eleksyon pou detèminé reprezantan travayè yo. 5 manm konsèy la désidé ka yo ki enpliké nan akizasyon sou pratik delwayal nan travay e detèminé kesyon sou reprézantasyon eleksyon ki vini nan biwo rejyonal yo.

Kòman materyèl sa òganizé. Dwa travayè yo, enkli dwa pou yo òganizé tèt yo e négosiasyoon kolektif ki pwotejé pa seksyon 7 nan lwa, prezanté anpremyé nan gid sa. Pwovisyon lwa konsènan egzijans yo nan akò sekirité sendika ki kouvri nan menm seksyon sa, ki enkli yon diskisyon sou dwa pou fè grèv avèk dwa pou piktaj. Obligasyon yo pou négosiasyon kolektif avèk pwovisyon lwa pou seleksyon reprezantan travayè yo ap trété nan lòt seksyon an. Pratik delwayal anplwayè yo ak òganizasyon travay yo ap prezanté nan seksyon séparé. Seksyon final la gen pou tit “Ki jan lwa ranfòsé” meté sou pyé òganizasyon NLRB; Otorité-l e limitasyon-l, pwosédi-l e pouvwa sou zafè reprézantasyon, nan ka pratik delwayal travay, nan sèten pwosè spesyal anba lwa; e pwovisyon lwa konsènan ranfòsman lòd konsèy la.

## Dwa Travayè yo

**Seksyon 7 Dwa.** Dwa travayè yo prezanté prensipalman nan seksyon 7 nan lwa, Seksyon 7, ki prevwa sa yo:

Seksyon. 7. Travayè yo ap gen dwa pou òganizé tèt yo, pou fòmé, poufè pati nan, oswa asisté òganizasyon travay yo, pou négosyé kolektivman atravè reprézantan ke yo chwazi, e pou yo angajé nan lòt aktivité konsèté yo nan bi négosiasyon kolektif oswa lòt èd mityèl oswa pwoteksyon, e yo gen dwa pou yo pa patisipé nan nenpòt oswa nan tout kalité aktivité sa yo eksepte nan lamezi ke dwa sa ka afekté pa yon akò ki prévwa apatenans a yon òganizasyon travay kòm kondisyon travay jan-l otorizé nan seksyon 8 (a)(3).

Egzanp seksyon 7 dwa. Egzanp dwa yo ki pwotejé pa seksyon sa se:

- Fòmé oswa tenté pou fòmé yon sendika pami travayè yo nan konpayi-an.
- Fè pati yon sendika menm si sendika rekonèt ou non pa anplwayè-a.
- Asisté yon sendika òganizé travayè pou yon anplwayè.
- Sòti pou fè grèv pou kapab sekirizé pi bon kondisyon travay.
- Absteni nan aktivité nan non yon sendika.

**Sékirité Sendika.** Lwa pèmèt, anba sèten kondisyon, yon sendika e yon anplwayè pou fè yon akò ki relé akò sékirité sendika, ki egzijé travayè yo pou yo kapab péyé yon kantité lajan a sendika pou yo ka kenbe travay yo.

Akò sékirité sendika pa ka egzijé aplikan kap chaché travay yo, pou yo manm sendika-a pou yo kapab jwenn travay, kalité akò sa pa ka egzijé travayè yo pou yo fè pati oswa reté manm nan sendika-a ansòt ke pou kenbe travay yo. Anba yon akò sékirité sendika, li ka fè moun yo egzijans pou yo chwazi péyé yon kotizasyon menm lè yo pa manm, tankou tout lòt travayè ki chwazi pou yo fè pati sendika, pou péyé tout frè dovèti ak kotizasyon nan yon sèten peryod de tan (yon “péryod degas”) aprè négosiasyon kolektif kontra fini antré an aplikasyon oswa aprè yon nouvo travayè komansé travay. Sepandan, plis yo ka mandé yon moun ki pa manm ki enfòmé sendika yo pa dakò pou lajan yo itilizé nan bi ki pa reprezanté yo y-ap peyé pati pa yo nan dépan sendika ki gen rapò nan aktivité ki reprezanté yo (tankou négosiasyon kolektif, kontra administrasyon, e ajisteman griyèf yo).

Akò Sékirité-Sendika. Péryod degas la, aprè akò sékirité sendika fini efektif, li pa kapab mwens ke 30 jou eksepte nan batisman ak endistri konstriksyon. Lwa pèmèt yon peryod degas ki pi kout de 7 jou konplè nan batisman ak konstriksyon endistri. (Seksyon 8(f). Yon akò sékirité-sendika ki bay yon peryod degas ki pi kout ke sa lalwa akòdé li pa valid, e nenpòt travayè ki révoké akòz ke li pat obéyi avèk akò sa li genyen dwa pou-l retounen nan travay li.

Egzijans pou akò sékirité sendika. Anba yon akò sékirité sendika, travayè ki genyen objeksyon sou relijyon pou li ka vini manm yon sendika oswa pou-l sipòté finansiemman yon sendika kapab ekzan pou-l pa péyé kotizasyon sendika avèk frè dovèti. Travayè sa yo kapab toutfwa, egzijé pou yo fè yon kontribisyon a òganizasyon ki pa relijyé, òganizasyon ki egzan nan péyé inpo olyé pou yo fè yon pèman a yon sendika. Sendika ki reprezanté kalité travayè sa yo kapab chajé yo pri rezonab pou nenpòt doléyans ki rézoud sou demann travayè yo.

Akò anvan anbochaj nan endistri konstriksyon. Pou yon akò sékirité sendika kapab valab, li dwé satisfè tout kondisyon sa yo:

1. Sendika pa-t dwé asisté oswa kontrolé pa anplwayè-a (gadé Seksyon 8(a)(2) anba “Pratik delwayal travay anplwayè yo” nan pp. 14–15).
2. Sendika dwe majorité reprezantan travayè yo nan inité apropriyé négosiasyon kolektif ki kouvri pa akò sa lè-l fèt.
3. Otorité sendika pou-l fè yon akò konsa pa dwé revoké pandan 12 denyé mwa yo pa travayè yo nan yon eleksyon konsèy la.
4. Akò-a dwé founi peryod degas apwopriyé.

Seksyon8(f) nan lwa pèmèt yon anplwayè angajé prensipalman nan batisman e konstriksyon endistri pou siyen yon akò sekirite sendika avèk yon sendika san ke-li pa deziyen kòm reprézantan travayè li yo kontrèman jan lalwa egzije. Akò-a ka fèt anvan anplwayè-a anboché nenpòt travayè pou yon projè e l-ap aplikè a yo menm lè yo komansé travay.

Jan-l endiké piwo-a, toutfwa, pwovisyon sekirite sendika nan kontra négosiasyon kolektif sou batisman avèk endistri konstriksyon ka vini efektif nan respè pou nouvo travayè yo aprè 7 jou konplè.

Si akò-a fèt pandan travayè yo nan travay la, li dwé pèmèt a ansyen travayè yo menm 7 jou peryod degreas la pou yo kapab konfòmé yo. Tankou lòt akò sou sekirite sendika, sendika konsèné-a dwé lib de èd anplwayè-a oswa kontwòl.

Kontra négosiasyon kolektif nan batisman ak endistri konstriksyon kapab enkli, jan-l deklaré nan seksyon 8(f), pwovisyon adisyonèl sa yo:

1. Yon egzijans ke anplwayè-a ap notifiyé sendika konsènan lè y-ap anboché moun
2. Yon pwovisyon ka-p bay sendika opòtinite pou-l referé aplikan ki kalifyé pou travay sa yo
3. Standa kalifikasyon travay sa yo bazé sou fòmasyon oswa ekspéryans.
4. Yon pwovisyon pou priyorite nan anbochaj bazé sou kantite tan sèvis avèk anplwayè-a, nan endistri-a, oswa nan yon zòn jeografik patikilyé.

Kat pwovisyon enbochaj sa yo kapab légalman enkli nan kontra négosiasyon kolektif yo ki kouvri travayè nan lòt endistri yo.

Finalman, konfòmman nan seksyon 14(b) nan lwa, sèten Eta ka entèdi, e kelke Eta entèdi sèten fòm akò sekirite sendika.

**Dwa pou fè grèv.** Seksyon 7 nan lwa déklaré anpati, “Travayè yo dwé gen dwa pou yo angajé nan lòt aktivite konsète nan bi négosiasyon kolektif oswa lòt asistans mityèl oswa proteksyon”. Grèv yo enkli pami aktivite konsète pwotejé pou travayè yo nan seksyon sa. Seksyon 13 la konsèné sou dwa pou fè grèv. Li li konsa:

Pa gen anyen nan lwa sa, sòf nan ka spesifikman prevwa nan kontra pa kapab entèpreté kòm jenan, oswa entèféré avèk antravé oswa diminyé nan nenpòt fason dwa pou fè grèv, oswa afekté limit oswa kalifikasyon dwa sa.

Li klè lè-w ap li 2 pwovisyon sa yo: lwa pa sèlman garanti dwa travayè yo pou fè grèv, men li plasé limit ak kalifikasyon nan egzèsis dwa sa. Wè pa egzanp, restriksyon sou grèv nan enstitisyon lasanté yo, paj 32.

Grèv légal e ilégal. Légalite yon grèv ka dépann sou objektif oswa bi grèv la, nan tan li, oswa nan kondwit grévis yo. Objé-a oswa objè yo, grèv la e ke seswa objè-a légal se bagay ki pa fasil pou detèminé. Jan de pwoblèm sa yo souvan dwé desidé pa Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la. Konsèkans sa yo kabap sevè pou travayè grévis yo e anplwayè yo ap frapé, lè y-ap fè fas a kesyon sou rétablisman e salè antéryè yo.

Yo dwé mété aksan ke sa se yon plan brèf. Yon analiz détayé nan lwa konsènan grèv, e aplikasyon lwa nan tout sitiyoasyon réyèl ki kapab rivé an koneksyon avèk grèv yo, ki alé pi lwen nan kad matériel sa. Travayè e anplwayè yo ki antisipé pou patisipé nan grèv dwé kontinyé avèk anpil pridans e sou baz konsèy konpétan.

Grèv pou yon sijè légal. Travayè ki fè grèv pou yon sijè légal tonbé nan de katégori “ Grévis ekonomik” e “grévis pou pratik delwayal travay”. Dé katégori yo kontinyé kòm travayè, men grevis pou pratik delwayal travay gen plis dwa pou yo réprann yo nan travay yo.

Grévis ekonomik défini. Si sijè grèv la se pou jwenn kelké konsesyon ékonomik nan men anplwayè-a tankou ògmantasyon salè, redwi nan lè travay yo, oswa meyè kondisyon travay, travayè grévis yo rélé grévis ekonomik. Yo kenbe stati yo kòm travayè e yo pa kapab révoké yo, men anplwayè yo kapab ranplasé yo. Si anplwayè-a anboché de bonn fwa ranplasan pèmanan ki pran plas grévis ekonomik yo lè grévis yo apliké san kondisyon pou yo rétoune travay, grévis yo pa gen dwa a réyintegrasyon nan tan sa. Sepandan, si grévis yo pa jwenn yon travay régilyé e yon ekivalan sibstansyèl, yo gen dwa pou yo relé yo nan travay ke yo kalifyé lè travay la disponib, oswa réprezantan négosiasyon yo-a te fè yon demann enkondisyonèl pou yo kapab reyintegre.

Grévis pou pratik delwayal travay défini. Travayè ki fè grèv pou pwotesté kont pratik delwayal travay ki komèt pa anplwayè yo relé grévis pratik delwayal travay. Kalité grevis sa yo pa kapab ni révoké, ni ranplasé de fason pèmanan. Lè grèv la fini, grévis pratik delwayal travay yo, Si pa gen yon kondwit grav bò koté yo, gen dwa pou yo rejwenn travay yo menm si travayè ki te anboché pou fè travay grévis yo dwé révoké.

Si konsèy la jwenn grévis ekonomik oswa grévis pratik delwayal travay yo ki te fè yon demann enkondisyonèl pou réyintegrasyon yo te ilégalman réfizé pa anplwayè yo, Konsèy la kapab atribiyé a grévis yo salè anteryè apati de lè yo te sipozé reyintegré.

Grèv ilégal akoz objektif la. Yon grèv kapab ilégal akoz objektif, oswa bi grèv la ilégal. Yon grèv ki sipòté pratik delwayal travay yon sendika, oswa yonn ki lakòz yon anplwayè komèt yon pratik délwayal travay, kapab yon grèv ilégal. Pa egzanp se yon pratik délwayal pou yon anplwayè révoké yon travayè paské li pa-t fè sèten pèman légal a sendika lè pat genyen okenn akò sekirité sendika ki te anvigè. (Seksyon 8(a)(3). Yon grèv pou oblijé yon anplwayè fè sa ap yon grèv avèk yon bi ilégal e, sepandan, grèv ilégal. Kalité grèv sa yo pral diskité an koneksyon avèk lòt pratik delwayal travay nan seksyon pi devan yo nan gid sa.

Anplis, Seksyon 8(b)(4) nan lwa entèdi grèv pou sèten sijè menm lè objektif la pa nésesèman ilégal si li atenn pa lòt mwayen. Yon egzanp de sa kapab yon grèv pou kontrenn anplwayè A pou-l sispann fè komès avèk anplwayè B. Li pa ilégal pou anplwayè A volontèman sispann fè komès avèk anplwayè B, non plis li pa ilégal pou yon sendika senpleman mandé pou-l fè sa. Li sepandan ilégal, pou sendika fè grèv avèk objektif pou-l fosé anplwayè-a fè sa. Pwoin sa yo ap kouvri avèk plis détay nan eksplikasyon seksyon 8(b)(4). Nan nenpòt ka, travayè ki patisipé nan yon grèv ilégal kapab révoké e li pa gen dwa a reyintegrasyon.

Grèv ilégal akòz de tan— Efè kontra ou pa kapab fè grèv. Yon grèv ki violé pwovisyon nan kontra ou pa ka fè grèv pa pwotejé pa lwa sa, e travayè grévis yo ka révoké oswa disipliné, amwens ke grèv la deklaré pou pwotesté kont sèten ka pratik delwayal travay ki komèt pa anplwayè-a. Li ta dwé noté ke se pa tout lè-w réfizé travay ki konsidéré kòm grèv e pakont violé pwovisyon pa fè grèv la. Lè ou kité travay la akòz yon kondisyon ki anòmalmman danjere a santé, tankou yon system vantilasyon ki gaté nan yon atelyé ki flité painti, li te fèt san-l pa violé pwovisyon pa fè grèv.

Menm jan— Grèv nan fen peryod kontra. Seksyon 8(d) prèvwa lè okenn nan pati yo deziré mété fen oswa chanjé yon kontra ankou, li dwé konfòmé a sèten kondisyon. Si egzijans sa yo pa satisfè, yon grèv pou mété fin oswa chanjé kontra vini ilégal e grévis patisipan yo pèdi stati yo kòm travayè anplwayè-a ki angajé nan konfli travay la. Si grèv la te kozé pa pratik delwayal travay yon anplwayè, toutfwa grévis yo klasifyé kòm grévis pratik délwayal travay stati yo pa afekté pa échek pou yo swiv pwosédi ki rekòmandé-a.

Grèv ilégal akòz movèz kondwit grévis yo. Grévis ki angajé nan yon kondwit grav pandan grèv la ka refizé reyintegrasyon nan ansyen travay yo. Sa apliké atou lède grévis yo ekonomik e pratik delwayal travay. kondwit grav yo te fèt lè yo enkli pami lòt bagay yo, vyolans e menas pou vyolans. Tribinal siprèm Etazini te déklaré ke yon grèv “chita”, lè travayè yo senpleman reté nan izin nan e refizé travay konsa yo privé pwopriyète-a de etablisman e li pa pwotejé pa lalwa. Egzanp kondwit grav ki kapab kozé travayè ki enpliké yo pèdi dwa yo pou réyintegrasyon se:

- Grévis ki fizikman bloké rantré oswa sòti moun nan izin nan.
- Grévis ki fè ménas violans kont travayè yo ki pa nan grèv.
- Grévis ki ataké pèsoneel administratif yo.

**Dwa pou piktaj.** Menm jan dwa pou pikèt sijè a limitasyon e kalifikasyon. Kòm avèk dwa pou fè grèv, piktaj kapab entèdi akòz objektif li oswa tan li, oswa movèz kondwit nan liy pikèt la. Anplis, Seksyon 8(b)(7) deklaré se yon pratik delwayal travay pou yon sendika fè piktaj pou sèten objektif ke se swa piktaj la akonpayé yon grèv ou non. Sa pral kouvri plis an détay nan seksyon ki sou pratik delwayal travay sendika.

## Négosiasyon Kolektif e Réprezantasyon Travayè yo

Négosiasyon kolektif se yonn nan pyè enpòtan nan lwa. Seksyon 1 nan lwa deklaré politik Etazini se pou-l enplemanté “pou ankourajé pratik e pwosédi négosiasyon kolektif e pwotejé egzèsis travayè yo nan tout libètè pou yo fè asosiasyon, òganizè tèt yo, e déziyasyon réprezantan ke yo chwazi, nan bi pou négosyé tèm ak kondisyon travay yo oswa lòt èd mityèl oswa proteksyon”

**Négosiasyon kolektif.** Négosiasyon kolektif défini nan lwa. Seksyon 8(d) egzijé yon anplwayè e reprézantan travayè li yo pou rankontré nan yon tan rézonab, pou konféré an bonn fwa konsènan sèten sitiasyon, e pou mété pa ekri nenpòt akò ki konkli si genyen yon demann ki fèt pa nenpòt pati. Pati yo dwé konféré nan bonn fwa avèk respè nan salè, lè e lòt tèm oswa kondisyon travay, négosiasyon yon akò, oswa nenpòt kesyon ki soulevé anba yon akò.

Devwa pou négosyé enpozé alafwa sou anplwayè e sendika. Devwa sa yo enpozé égalman sou anplwayè-a e reprézantan travayè li yo. Se pratik delwayal travay pou nenpòt pati ki refizé negosyé kolektivman avèk lòt la. Obligasyon-an pa, sepandan kontrenn nenpòt pati pou dakò avèk yon pwopozisyon pa lòt la, oswa egzijé nenpòt pati pou fè konsesyon a lòt la.

Seksyon 8(d) bay pi lwen lè yon akò négosiasyon kolektif anvigè okenn pati nan kontra pa ka mété fin oswa chanjé kontra amwens ke pati ki vlé mété fin oswa chanjé-l franchi étap sa yo:

Etap Négosiasyon pou mété fin oswa chanjé yon kontra.

1. Pati-a dwé notifiyé lòt pati-a konsènan kontra pa ekri sou pwopozisyon tèminasyon oswa modifikasyon 60 jou anvan dat kontra pwogramé pou-l ekspiré. Si kontra pa pwogramé pou-l ekspiré nan yon dat patikilyé, avi pa ekri-a dwé delivré 60 jou anvan dat ki pwopozé pou tèminasyon oswa modifikasyon-an antré an vigè.
2. Pati-a dwé ofri pou-l rankontré e antreteni avèk lòt pati-a nan bi pou négosyé yon nouvo kontra oswa yon kontra ki genyen chanjman pwopozé yo.
3. Pati-a dwé, pandan 30 jou aprè avi a lòt pati-a, notifiyé sèvis Fédéral pou mediasyon e konsilyasyon sou egzistans yon dezakò si pa-t genyen yon akò ki te konkli pandan lè sa. Pati sa dwe notifiyé égalman menm lè-a nenpòt eta oswa mediasyon teritoryal oswa ajans konsilyasyon nan eta oswa teritwa koté dezakò-a te rivé .
4. Pati-a dwe kontinye avèk tout fòs e efè, san-l pa tonbé nan grèv oswa blokaj, tout tèm e kondisyon kontra ki egzisté-a jiska 60 jou li te bay notis la a lòt pati-a oswa jiska dat kontra te pwogramé pou-l ekspiré, nenpòt sa ki rivé pi ta.

(nan ka yon enstitisyon lasanté, egzijans nan paragaf 1 e 4 se 90 jou, e nan paragaf 3 se 60 jou. Anplis, genyen yon 30 jou notis obligasyon a ajans yo nan paragaf 3 lè genyen yon dezakò ki rivé pou négosiasyon pou yon kontra inisyal )

Lè étap négosiasyon yo pa nésesè. Egzijans nan paragaf 2, 3, e 4, piwo-a, sispann pou apliké si NLRB sòti yon sètifika ki montré ke reprézantan travayè yo se yon pati nan kontra ki te ranplase pa yon lòt reprézantan oswa ki te rejété pa travayè yo. Okenn nan pati yo pa genyen obligasyon pou yo diskité oswa dakò avèk nenpòt chanjman nan provision kontra si lòt pati-a pwopozé ke chanjman yo vini efektif anvan provision yo ka relouvri suivan tèm kontra yo.

Kòm fason yo te fè remaké-a, nenpòt travayè ki angajé nan yon grèv pandan peryod notis la pèdi stati li antan ke travayè anplwayè ki afekté-a. Pèt stati sa fini, toutfwa, si e lè moun sa reyanplwayé pa menm anplwayè sa.

**Reprézantan Travayè.** Seksyon 9(a) stipilé ke reprézantan travayè yo ki te “deziyé oswa séleksyoné pou bi négosiasyon kolektif pa yon majorité nan travayè yo nan yon inité ki apwopriyé pou kalité aktivité sa yo, y-ap vini reprézantan ekskliziv de tout travayè nan inité sa pou bi négosiasyon kolektif”.

Ki sa ki yon inité négosiasyon apwopriyé. Yon inité travayè se yon gwoup de dé oswa plizyè travayè ki patajé yon entèrè komen e ki kapab gwoupé rezonabman ansanm nan bi négosiasyon kolektif. Sa ki detèminé yon inité apwopriyé pou jan de bi sa yo se, anba lalwa, li reté sou diskresyon NLRB. Seksyon 9(b) deklaré ke Konsèy la ap desidé nan chak ka reprézantasyon, “Yon fason pou asiré travayè yo pi gran

libèté nan egzèsis dwa ki garanti pa lwa sa, inité apwopriyé nan bi négosiasyon kolektif dwé inité anplwayè-a, inité atizanal, inité izin nan, oswa sibdivisyon sa.”



Diskresyon Konsèy la, toutfwa, limité pa plizyè lòt pwovizyon nan lwa sa. Seksyon 9(b)(1) prevwa ke konsèy la pa dwé apwouvé nan ka écheyan yon inité ki genyen alafwa pwofesyonèl e non profesyonèl travayè, amwens ke yon majorité nan travayè pwofesyonèl ki enpliké voté pou yo enkli nan yon inité ki mixé.

Seksyon 9(b)(2) prevwa ke konsèy la pa dwe kenbe yon inité atizanal ki pwopozé inapropriyé senpleman paske yon diferan inité te apwouvé deja pa Konsèy la, amwens ke yon majorité travayè yo nan inité atizanal ki pwopozé voté kont pou yo reprézante sépareman.

Seksyon 9(b)(3) entèdi Konsèy la pou-l enkli gad nan izin yo nan menm inité avèk lòt travayè yo. Li entèdi konsèy la tou pou-l pa sètifyé yon òganizasyon travay kòm reprezantan inité gad izin yo si òganizasyon travay la gen manm ki pa travay kòm gad oswa si li afilyé direktman oswa endirektman avèk yon òganizasyon ki gen manm ki pa travay kòm gad.

Kòman yon inité apwopriyé detèminé (de fason apwopriyé). Jeneralman fason apwopriyé yon inité négosiasyon detèminé sou baz yon entèrè kominotè de travayè yo ki enpliké. Sa yo ki genyen menm oswa esansyèlman menm entèrè konsènan salè, orè ak kondisyon travay yo gwoupé ansanm nan yon inité négosiasyon. Pou detèminé si yon inité pwopozé apwopriyé, faktè sa yo dwé konsidéré:

1. Nenpòt istwa nan négosiasyon kolektif.
2. Dézi travayè konsèné yo.
3. Nan ki pwoin travayè yo òganizé. Seksyon 9(c)(5) entèdi Konsèy la pou-l pa bay sitiasyon-an yon twò gran enpòtans.

Finalman, nan sa ki konsèné inité nan indistri lasanté-a, konsèy la gidé pa sousi kongrè-a genyen konsènan anpèchman pètibasyon nan livrezon sèvis swen lasanté delivré, ak direktiv li pou minimizékantité inité négosiasyon apwopriyé.

Ki moun ki kapab oswa pa kapab enkli nan yon inité. Yon inité kapab kouvri travayè nan izin yon anplwayè, oswa li ka kouvri travayè nan dé oswa plizyè izin menm anplwayè sa. Nan sèten endistri koté anplwayè yo gwoupé ansanm nan asosiasyon volontè, yon inité ka enkli travayè dé oswa plizyè anplwayè nan nenpòt kantité lokasyon. Li ta dwé noté ke yon inité négosiasyon ka enkli sèlman moun yo ki travayè nan sans lwa sa. Lwa ekskli sèten moun tankou travayè agrikilti, kontraktè endépandan, sipèvizè, ak moun ki nan pozisyon manajè, nan sans travayè. Pèsan nan moun sa yo pa kapab enkli nan yon inité négosiasyon ki établi pa Konsèy la. Anplis de sa, konsèy la, kòm yon mwayen politik, ekskli nan inité négosiasyon travayè ki aji nan kapasité konfidansyèl avèk kapasité ofisyèl relasyon travay anplwayè-a.

Fonksyon reprézantan négosiasyon e anplwayè. Depi yon reprézantan travayè fini deziyé pa yon majorité travayè yo nan yon inité apwopriyé, lwa fè de reprézantan ajan ekskliziv négosiasyon pou tout travayè yo nan inité-a. Antan ke ajan ekskliziv négosiasyon li genyen pou devwa pou reprézanté tout travayè yo de fason égal e ékitab nan inité-a san li pa genyen réga nan apatenans nan sendika oswa aktivité yo. Depi yon reprézantan négosiasyon kolektif fini chwazi oswa séleksyoné pa travayè li yo, li ilégal pou yon anplwayè négosyé avèk travayè endividyèlman, avèk yon gwoup travayè oswa avèk yon lòt reprézantan travayè.

Seksyon 9(a) di ke nenpòt travayè endividyèl oswa yon gwoup travayè ka genyen dwa a nenpòt ki lè pou-l prezanté doléyans a anplwayè-li e si doléyans sa yo pa ajisté sans entèvensyon reprézantan négosiasyon-an a kondisyon ke:

1. Ajisteman pa enkonpatib avèk tèm nenpòt akò négosiasyon kolektif ki anvigè.
2. Reprézantan négosiasyon-an genyen opòtinité pou li prezan nan ajisteman.

**Kòman yon ajan négosiasyon séleksyoné.** Lalwa mandé pou yon anplwayè négosyé avèk reprézantan ki séleksyoné pa travayè li yo. Métòd ki pi komen-an travayè yo kapab seleksyoné yon reprézantan négosiasyon atravè yon eleksyon reprézantasyon bilten sekre ki òganizé pa Konsèy la.

Pétisyon pou sètifikasyon reprézantan yo. NLRB ka kondwi eleksyon sa sèlman lè yon pétisyon te ranpli pou mandé yonn. Yon pétisyon pou sètifikasyon reprézantan kapab ranpli pa yon travayè oswa yon gwoup travayè oswa nenpòt endividu oswa òganizasyon travay ki aji nan non yo, oswa li kapab ranpli

pa yon anplwayè, si-l ranpli pa oswa nan non travayè yo, pétisyon-an dwé sipòté pa yon kantité konsidétab nan travayè yo ki chwazi pou yo reprezanté nan négosiasyon kolektif e yo dwé deklaré ke anplwayè yo dekliné pou òganizé reprezantan yo. Si-l

ranpli pa yon anplwayé, pétisyon-an dwé pretann ke yonn ou plizyè moun oswa òganizasyon ki te fè yon réklamasyon pou rekonèt kòm reprezantan eksklizif menm gwoup travayè yo,

Pétisyon pou révokasyon sètifikasyon eleksyon. Lwa genyen yon pwovizyon koté travayè yo oswa yon lòt moun k-ap aji nan non yo kapab ranpli yon pétisyon pou eleksyon pou detèminé si travayè yo sweté kenbe moun nan oswa òganizasyon travay k-ap aji aktièlman kòm reprezantan négosiasyon yo, ke reprezantan te sètifyé oswa li te rekonèt volontèman pa anplwayè-a. Sa relé yon révokasyon sètifikasyon eleksyon..

Révokasyon otorizasyon sekirite sendika. Pwovizyon fèt tou pa konsèy la pou detèminé pa bilten sekre si travayè yo kouvri pa yon akò sekirite sendika ki deziré retiré otorite réprezantan yo pou kontinyé avèk akò-a. Sa relé yon eleksyon révokasyon otorizasyon sekirite sendika e li ka fèt lè-w ranpli yon pétisyon ki siyen pa 30 pou san oswa plis nan travayè yo ki kouvri pa akò sa.

Si-w pral referé a “jan de ka sa yo” nan paj 18 e 19, ou ka jwenn li pi fasil pou konprann diférans ki egzisté ant 6 kalite pétisyon ki ka depozé anba lwa sa.

Bi investigasyon ak odians. Menm fòm pétisyon-an itilize pou nenpòt kalite eleksyon konsèy la. Lè yon pétisyon depozé, NLRB dwe envestigé pétisyon-an, fè yon odians si nésesè, e òganizé yon eleksyon si li jwenn ke genyen yon kesyon reprézantasyon ki egzisté. Bi investigasyon-an se pou detèminé pami lòt bagay, bagay sa yo:

1. Ke se swa konsèy la genyen jiridiksyon pou fè yon eleksyon.
2. Ke se swa genyen yon kantite sifizan travayè ki montré enterè pou jistifyé yon eleksyon.
3. Ke se swa yon kesyon sou reprézantasyon egzisté.
4. Ke se swa travayè nan inite apropriyé yo te mandé yon eleksyon.
5. Ke se swa reprézantan ki genyen non li nan pétisyon-an kalifyé.
6. Ke se swa te genyen nenpòt baryè nan yon eleksyon sou fòm kontra ki te egzisté oswa eleksyon ki te fèt anvan.

Jiridiksyon pou òganizé yon eleksyon. Jiridiksyon NLRB pou dirijé e òganizé yon eleksyon limité a antrepriz ki afekté komès la. (Sa ap diskite plis an detay nan paj. 33-36.) Lòt kesyon ki listé anwo-a pral diskite yonn aprè lòt.

Eleksyon akséléré anba seksyon 8(b)(7)(C). Premyèman, toutfwa, li dwé noté ke Seksyon 8(b)(7)(C) bay, pami lòt bagay, ke yon pétisyon ki depozé pandan yon peryòd rézonab, ki pa depasé 30 jou, aprè rekonesans oswa òganizasyon piktaj, NLRB ap imédiatman òdoné yon eleksyon e sètifyé rezilta yo. Sa se konsa si piktaj la pa nan pwoteksyon dezyèm pwovision nan Seksyon 8(b)(7)(C). Lè yon eleksyon anba Seksyon (8)(b)(7)(C) apwopriyé, se pa ni yon odians oswa yon mak entèrè nésesè, eleksyon-an pwogramé pi bonè ke pwosédi nòmral la.

Mak entèrè egzijé. Konsènan mak entèrè-a, se règleman ki mandé ke yon pétisyonè fè yon demann eleksyon swa pou sètifikasyon reprézantan yo oswa révokasyon sètifikasyon ki montré omwen 30 pou san nan travayè yo anfavè yon eleksyon. Lwa mandé tou ke yon pétisyon pou yon eleksyon révokasyon otorizasyon sekirite sendika dwe depozé pa 30 pou san oswa plis nan travayè yo ki nan inite ki kouvri pa akò NLRB pou kondwi yon eleksyon nan bi sa. Yon mak entèrè dwé montré eksklizivman pa travayè yo ki nan inite négosiasyon apwopriyé-a k-ap mandé yon eleksyon.

Egzistans nan kesyon sou reprézantasyon. Seksyon 9(c)(1) otorizé NLRB pou fè yon eleksyon e sètifyé rezilta yo, a kondisyon ke dosyé yo montré genyen yon kesyon reprézantasyon ki egzisté. Pétisyon yo pou sètifikasyon reprézantan yo prezanté yon kesyon reprézantasyon si, pami lòt bagay, yo bazé sou yon demann pou rekonèt reprézantan travayè-a e yon refi rekonesans pa anplwayè-a. Yon demann pou rekonesans pa bezwen fèt sou okenn fòm patikilyé; an efè, depozisyon yon pétisyon pa reprézantan li menm konsidéré kòm yon demann pou rékonesans. NLRB statyé menm yon reprézantan ki aktyèlman rékonèt pa yon anplwayé kapab depozé yon pétisyon pou sètifikasyon e pétisyon sa prezanté yon kesyon reprézantasyon prevwa ke reprézantan pa-t ankò sètifyé. Yon kesyon nan reprézantasyon-an égalman soulevé pa yon pétisyon révokasyon sètifikasyon ki kontesté stati reprézantan kòm ajan négosiasyon ki te

sètifyé deja oswa ki rekonèt aktièlman pa anlwayè-a. Toutfwa, yon pétisyon révokasyon sètifikasyon kapab dépozé pa yon sipèvizè ki pa soulevé yon kesyon valab sou reprézantasyon e li dwé rejté.

Kimoun ki kapab kalifyé kòm reprezantan négosiasyon. Seksyon 2(4) nan lwa deklaré ke reprezantan travayè-a pou negosiyon kolektif kapab nenpòt “moun oswa yon òganizasyon travay”. Yon sipèvizè oswa nenpòt lòt reprezantan nan administrasyon-an kapab yon reprezantan travayè-a. Se règleman NLRB pou òganizé yon eleksyon e bay sètifikasyon amwens ke ajan négosiasyon ki pwopozé pa kapab kalifyé kòm reprézantan bonn fwa travayè yo. Pou detèminé kalifikasyon yon sendika kòm ajan negosiyon, se volonté sendika pou reprezanté travayè yo olyé ke konstitisyon li ak règleman ki se yon faktè detèminan. Pouvw NLRB pou sètifyé yon òganizasyon travay antan ke reprezantan négosiyon limité pa Seksyon 9(b)(3) ki entèdi sètifikasyon yon sendika kòm reprézantan

inité gad yo ki nan izin nan si sendika “admèt pou yo manm oswa afilyé direkteman oswa endirekteman avèk yon òganizasyon ki admèt kòm manm travayè ki pa gad”.

**Bloké Eleksyon**—Kontra aktyèl négosiyon kolektif. NLRB établi yon règleman pou-l pa fè eleksyon pami travayè ki kouvri prezantman pa yon akò négosiyon kolektif valab eksepte an akò avèk sèten règ. Règ sa yo, swiv pou detèminé si wi ou non yon kontra négosiyon kolektif egzisté kapab bloké yon eleksyon, yo relé règ pou bloké kontra NLRB. Se pa tout kontra ki kapab bloké yon eleksyon. Egzanp kalité kontra ki pa kapab bloké yon eleksyon se:

- Kontra ki pa a lekri, oswa li pa siyen.
- Kontra pa-t ratifyé pa manm yo oswa pa sendika, tankou si yo mandé-l ekspréman.
- Kontra pa genyen tèm enpòtan oswa kondisyon travay sifizan pou stabilizé relasyon négosiyon yo.
- Kontra ka tèmminé pa nenpòt pati a nenpòt ki lè pou nenpòt ki rézon.
- Kontra genyen yon pwopozisyon sekirité sendika ki vizibleman ilégal.
- Inité négosiyon-an pa apwopriyé.
- Sendika ki te konkli kontra avèk anplwayè-a pa anvigè ankò oswa inkapab oswa refizé reprézanté travayè yo.
- Kontra genyen diskriminasyon ant travayè yo sou baz ras.
- Kontra kouvri manm sendika yo sèlman.
- Sendika ki genyen kontra enpliké nan yon konfli entèn debaz nan piwo nivo ki debouché nan konfisyon ki pa stabilizé osijè de idantité sendika.
- Aktivité anplwayè yo chanjé konsiderableman depi kontra te fini siyen.

Pwovisyon ki gen rapò avèk tan. Anba règleman NLRB yon kontra valab pou yon peryod fiks de 3 ané oswa mwens ka bloké yon eleksyon pandan peryod kap kouvri pa kontra. Yon kontra pou yon peryod fiks plis ke 3 ané ap bloké yon eleksyon ki mandé pa pati ki genyen kontra pandan tout diré kontra, men li pral ajè kòm yon obstak a eleksyon ki te mandé pa yon tiè pati pou 3 ané sèlman aprè dat li efektif la. Yon kontra ki pa genyen yon peryod fiks pap kapab ajè kòm yon obstak di tou.

Ki lè yon pétisyon ka depozé si genyen yon kontra ki te deja egzisté. Si pa genyen yon kontra ki te deja egzisté, yon pétisyon ka fè swit a yon eleksyon si li depozé anvan jou kontra te siyen. Si pétisyon-an te depozé nan menm jou kontra te siyen-an, kontra bloké yon eleksyon, si kontra efektif imédiatman oswa retroaktiv e anplwayè-a pat enfòmé nan lè egzékisyon ke yon pétisyon te depozé. Yon fwa kontra fini anvigè kòm yon obstak pou eleksyon, okenn pétisyon pa pral aksepté jis touprè nan fen peryod koté kontra anvigè kòm yon blokaj, pétisyon ki depozé pa plis ke 90 jou men plis ke 60 jou anvan fen peryod blokaj kontra ap aksepté e kapab kondwi a yon eleksyon. Peryod de tan sa yo pou depozé yon pétisyon ki enpliké enstityisyon swen santé se 120 e 90 jou, respèktivman. Byen si, yon pétisyon kapab depozé aprè kontra ekspire. Toutfwa, denyè 60 jou nan kontra blokaj peryod la ki relé yon “péryod izolé”. Pandan tan sa pati yo nan kontra aktyèl la lib pou négosyé yon nouvo kontra oswa pou yo dakò pou pwolonjé ansyen-an. Si yo tonbé dakò nan peryod sa pétisyon pa pral aksepté jiska 90 jou anvan fen nouvo kontra blokaj peryod la.

Efè sètifikasyon. Anplis de règleman kontra blokaj la, NLRB établi yon règ ke lè yon reprezantan te sètifyé pa Konsèy la, sètifikasyon ap obligatwa pou omwen yon lané e yon pétisyon ki depozé anvan fen sètifikasyon-an ap rejété. Nan ka koté reprézantan sètifyé-a ak anplwayè-a konkli yon kontra valab sou négosiyon kolektif pandan ané-a, kontra vini kontwolé, e si yon pétisyon pou yon eleksyon depozé la pral detèminé pa règleman Konsèy la sou règ kontra blokaj.

Efè éléksyon anvan. Seksyon 9(c)(3) entèdi pou kondwi yon eleksyon nan nenpòt inité négosiyon kolektif oswa sou divizyon koté yon eleksyon valab te fèt pandan 12 mwa ki sòt pasé yo. Yon nouvo eleksyon kapab fèt, sepandan, nan yon inité ki pi laj, men pa nan menm inité-a oswa sou divizyon koté eleksyon anvan te òganizé-a. Pa egzanp, si tout travayè prodiksyon ak antretyen nan konpayi A, ki gen ladan-l desinatè nan biwo konpayi enjenyè-a enkli nan inité négosiyon kolektif la, yon eleksyon pami

travayè nan inité-a t-ap bloké yon lòt eleksyon pami tout travayè nan inité-a pou 12 mwa. Menm jan, yon eleksyon pami desinatè yo sèlman t-ap bloké yon lòt eleksyon pami desinatè yo pandan 12 mwa. Sepandan, yon eleksyon pami désinatè yo pap bloke yon eleksyon pita pandan yon peryod de 12 mwa pami tout travayè prodiksyon ak antretyen yo ansanm ak desinatè yo.

Ki lè yon petisyon ka depozé si te genyen yon eleksyon anvan. Se entèpretasyon Konsèy la Seksyon 9(c)(3) ki entèdi sèlman òganizasyon yon eleksyon pandan yon peryod 12 mwa, men li pap entèdi pou depozé yon pétisyon. Ankonsekans, NLRB ap aksepté yon petisyon ki depozé pa plis ke 60 jou anvan fen peryod 12 mwa. Eleksyon-an pa kapab fèt, byen antandi, jis aprè peryod 12 mwa. Si yon eleksyon te fèt e yon reprezantan sètifyé,

Ke sètifikasyon-an obligatwa pou yon ané e yon petisyon pou yon lòt eléksyon nan menm inité-a ap rejete si li depoze pandan peryod premye ané aprè sètifikasyon-an. Si yon eleksyon te fèt e okenn reprezantan pat sètiyè, eleksyon-an ap bloke yon lòt eleksyon pou 12 mwa. Yon petisyon pou yon lòt eleksyon nan menm inité-a kapab dépoze pa plis ke 60 jou anvan fen 12 mwa peryod la e eleksyon-an kapab fèt aprè 12 mwa peryod la ekspiré.

**Eleksyon Reprézantasyon.** Seksyon 9(c)(1) prevwa si yon kesyon sou reprézantasyon egzisté, NLRB dwé ran detèminasyon li pa yon eleksyon bilten-sekrè. Nan yon reprézantasyon eleksyon travayè yo gen chwa yonn oswa plizyè reprézantan negosiyasyon oswa pa gen reprezantan ditou. Pou sètifye kòm yon reprézantan negosiyasyon, yon moun oswa yon òganizasyon travay dwe resévwa yon majorité nan vòt valab ki exprimé yo.

Akò konsantman eleksyon. Yon eleksyon ka fèt pa yon akò ant anplwayè-a e moun nan oswa òganizasyon travay la ki reklamé ke yo reprezanté travayè yo. Nan yon akò konsa pati yo ap di lè e koté yo dakò-a, chwa yo ap enkli nan beltin-an, métòd pou detèminé kiyès ki elijib pou voté. Yo t-ap otorizé egalman NLRB Direktè Rejyonal la pou kondwi eléksyon-an.

Kiyès ki detèminé zafè eleksyon. Si pati yo pa kapab jwenn yon akò, lalwa otorizé NLRB pou-l odè yon eleksyon aprè yon odians. Lalwa tou otorizé Konsèy la pou-l delégé a direktè rejyonal li-a konsènan detèminasyon sou zafè eleksyon. Anba delegasyon otorité sa direktè rejyonal yo ka detèminé si yon inité apropiyé, òganizé yon eleksyon, e sètifye rezilta. Sou demann yon pati ki entérésé, konsèy la kapab revizé aksyon yon direktè rejyonal, men kalité revizyon sa pa kanpé pwosès eleksyon-an amwen ke konsèy la òdoné-l. Détay eleksyon yo rete pou direktè rejyonal la. Pwoblèm tankou sou kimoun ki kapab voté, kilè eleksyon ap fèt, e ki standa kondwit ka pral enpòz sou pati yo desidé an akò avèk règleman Konsèy la ak desizyon li yo.

Kimoun ki ka voté nan yon reprézantasyon eléksyon. Pou gen dwa voté, yon travayè dwe travay nan yon inité pandan élijibilité peryod la ki etabli pa konsèy la e li dwé anboché nan inité-a nan dat eleksyon-an. Jenéralman, élijibilité period la sé peryod lè anplwayè-a péyé jis anvan dat eleksyon-an té fèt. Kondisyon sa pa apliké, toutfw a travayè yo ki malad, an vakans, oswa revoké temporèman, oswa travayè yo ki nan sèvis militè ki parèt an pèsonn nan biwo vòt yo. Règleman pran ankonsiderasyon le fè ke travay pa regilyé nan sèten endistri. Nan endistri sa yo élijibilité pou voté detèminé daprè fòmil pou pèmèt tout travayè ki genyen yon entèrè sibstansyèl nan kondisyon travay yo voté. Egzanp fòmil sa yo, ki diferan de yon ka avèk yon lòt se:

- Nan yon ka, travayè yo nan konpayi konstriksyon gen pèmisyon pou voté si yo travay pou anplwayè-a omwen 65 jou pandan ané-a anvan “dat élijibilité-a” dat pou eléksyon.
- Nan yon lòt ka débadè ki te travay omwen 700 èdtan pandan yon lané kontra spesifyé, e omwen 20 èdtan nan chak mwa anplèn ant fin ané sa avèk dat eleksyon-an te réyalizé, yo te pèmèt yo voté.
- Radyo ak televisyon travayè talan e mizisyen nan television fim, sinéma, e anrejistreman endistri gen dwa voté si yo travay nan inité 2 oswa plis jou pandan ané anvan dat eleksyon-an te fèt.

Kilè grevis yo ka otorizé pou yo voté. Seksyon 9(c)(3) prevwa ke grevis ekonomik yo ki te ranplase pa travayè pèmanan de bonn fwa kapab elijib pou yo voté “nan nenpòt eleksyon ki fèt pandan 12 mwa aprè komansman grèv” la. Ranplasan pèmanan yo tou elijib “pou voté nan menm lè-a. Kòm yon pwopozisyon jeneral, yon grevis konsidéré kòm ekonomik grévis amwens NLRB detèminé li se yon grevis sou pratik delwayal travay pa anplwayè-a. Ke se swa grevis ekonomik la elijib pou-l voté li detèminé sou fè ki nan chak ka.

Kilè eleksyon kapab fèt, òdinèman, eleksyon kapab fèt pandan 30 jou aprè yo te dirijé. Bès sézonyè nan travay oswa nenpòt chanjman nan opérasyon ki ka prévni yon group travay nòmalye pou yo prézan kapab kozé yo mété yon diféran dat pou eleksyon-an. Nòmalye yon eleksyon pap kapab fèt lè genyen yon akizasyon nan pratik delwayal travay depoze bazé sou kondwit yon nati ki ta genyen tandans pou-l

entèféré avèk lib chwa travayè yo nan eleksyon-an, eksepte sa, nan sèten ka, Konsèy la kapab kontinyé avèk eleksyon-an si pati ki depozé chaj la mandé-l.

Kondwit eleksyon yo. eleksyon NLRB yo kondwit konfòmeman avèk nòm strik ki deziyé pou bay travayè ki voté yo yon opòtinité pou endiké libreman si yo sweté reprézanté nan bi négosiasyon kolektif yo. Détay eleksyon , tankou lè, plas, e notis pou yon eleksyon, sa yo reté an gran pati sou diskresyon direktè rejyonal ki jeneralman jwenn akò ant pati yo ki enpliké nan bagay sa yo. Nenpòt pati nan yon eleksyon ki kwè ke standa eleksyon Konsèy yo pa reponn kapab, pandan 7 jou aprè dekont bilten vòt yo fini bay, dépozé yon objeksyon a eleksyon-an avèk direktè rejyonal la ki te sipèvizè lè eleksyon-an te fèt. Nan anpil nan ka yo, desizyon direktè rejyonal la sou objeksyon sa yo kapab poté devan Konsèy la pou désizyon.



Yon eleksyon ap anilé si-l te akonpayé pa konpòteman ke NLRB konsidéré ki te kréyé yon atmosfè konfisyon oswa yon pè pou lavyolans e entèféré avèk libète nan chwa travayè yo. Nan nenpòt ka patikilyé NLRB pa chèché detèminé si kondwit aktyèl la entèféré avèk ekspresyon lib chwa travayè yo, men pito mandé eske kondwit yo te sanblé fè sa. Si li sanblé rézonab pou kwè ke kondwit yo te ka entèféré avèk libète ekspresyon chwa travayè yo, eleksyon yo kapab mété de koté. Egzanp kondwit konsèy la konsideré ki entèféré avèk lib chwa travayè.

- Menas pou pèdi travay oswa bénéfis pa yon anplwayè oswa yon sendika pou enfliyansé vòt yo oswa aktivité sendika travayè yo.
- Yon sibvansyon nan bénéfis oswa pwomès sibvansyon nan bénéfis pou infliyansé vòt yo oswa aktivité sendika travayè yo.
- Yon anplwayè révoké travayè yo pou dekourajé oswa ankourajé aktivité sendika yo oswa yon sendika ki lakòz yon anplwayè pran jan de aksyon sa yo.
- yon anplwayè oswa yon sendika ap fè diskou kanpay pou rasanblé gwoup travayè nan lè konpayi-an pandan yon péryod 24 èdetan anvan eleksyon-an.
- Insitasyon a préjijé rasyal oswa relijyé avèk apèl kanpay enflamatwa ki fèt pa yon anplwayè oswa yon sendika.
- Menas pou itilizé fòs fizik oswa vyolans kont travayè yo pa yon anplwayè oswa yon sendika pou enfliyansé vòt yo.
- Lè gen yon vyolans entansifyé oswa troub oswa lapèrez pou pa pèdi travay ou ki anpéché pou genyen yon eleksyon jis, ke se swa li te kozé pa yon anplwayè oswa yon sendika.

## Pratik delwayal travay anplwayè yo

Pratik delwayal travay anplwayè yo listé nan seksyon 8(a) nan lwa; sa yo nan òganizasyon travay yo nan seksyon 8(b). Seksyon 8(e) listé pratik delwayal travay ki ka komèt sèlman pa yon anplwayè avèk yon òganizasyon travay ki aji ansanm. “Jan de ka sa yo” tablo nan paj 18-19 kapab itil pou edé-w konnen relasyon pami plizyè ka pratik delwayal travay seksyon nan lwa.

**Seksyon 8(a)(1)—Entèferans avèk seksyon 7 dwa.** Seksyon 8(a)(1) entèdi yon anplwayè pou entèferé avèk, kenbe, oswa kontrenn, travayè yo nan egzèsis dwa yo ki garanti nan seksyon 7.” Nenpòt entèdiksyon entèferans pa yon anplwayè avèk dwa travayè yo pou òganizé, fòmé, fè pati, oswa asisté yon òganizasyon travay, pou négosiyasyon kolektif, pou angajé nan lòt aktivité konsèté pou èd mityèl oswa proteksyon, oswa pou evité nenpòt oswa tout aktivité sa yo, konstityé yon violasyon nan seksyon sa. Sa se yon laj entèdiksyon sou entèferans anplwayè, e yon anplwayè ki violé seksyon sa nenpòt lè li komèt pratik delwayal nan travay. Ankonsekans, nenpòt lè yon violasyon nan Seksyon 8(a)(2), (3), (4), oswa (5) komèt yon violasyon nan Seksyon 8(a)(1) te jwenn tou. Sa relé “dérivé violasyon” nan seksyon 8(a)(1).

Egzanp violasyon nan seksyon 8(a)(1). Kondwit anplwayè kapab, byen antandi, endepandaman vyolé seksyon 8(a)(1). Egzanp sou jan de vyolasyon endepandan sa yo se:

- Menasé travayè yo pou révoqué yo oswa bénéfis yo si yo ta rantré oswa voté pou yon sendika.
- Menasé pou fèmen izin nan si yo ta vlé òganizé yon sendika.
- Kesyoné travayè sou aktivité sendika yo oswa pou yo vini manm nan jan de sikonstans yo genyen tandans pou kenbe oswa kontrenn travayè yo.
- Espionaj sou rankont sendika yo oswa prétann pou fè espionaj.
- Sibvansyon nan ogmantasyon salè pwogramé délibereman pou dékourajé travayè pou fòmé oswa fè pati yon sendika.

**Seksyon 8(a)(2)—Dominasyon oswa asistans ilegal e sipò nan yon òganizasyon travay.** Seksyon 8(a)(2) fè li ilégal pou yon patron dominé oswa entèferé avèk nan fòmasyon oswa administrasyon nenpòt òganizasyon travay oswa kontribyé finansyèman oswa lòt sipò a li.” Seksyon sa pa sèlman entèdi “konpayi sendika” ki dominé pa anplwayè-a, men li entèdi égalman yon anplwayè pou kontribyé lajan a yon sendika li favorizé oswa pou bay avantaj inkòrek ki réfizé a sendika rival yo.

Dominasyon. Yon òganizasyon travay konsideré dominan nan siyifikasyon seksyon sa si anplwayè-a entèferé avèk fòmasyon li e asisté e sipòté opérasyon-l e aktivité-l a yon tèl pwoin ke li dwé parèt kòm yon kréyasyon anplwayè-a olyé deyon vrè reprezantan negosiyasyon travayè yo. Dominasyon sa yo se rézilta yon konbinezon faktè ki te jwenn li egzisté koté ki te genyen selman faktè anplwayè-a ki te komansé òganizasyon-an, men tou lòt kalité faktè sa yo nan fason anplwayè-a ap desidé kòman òganizasyon-an ap kòmansé e ki sa l-ap fè, oswa reprezantan administrasyon-an ap asisté reyiniyon yo avèk aktivité òganizasyon yo e eseyé enflyansé aksyon-l e règleman li yo.

**Asistans ilégal e sipò.** Sèten kalité ki pipiti nan asistans anplwayè-a a yon sendika kapab konstityé yon entèferans ilégal menm lè sendika pa dominé pa anplwayè-a. Pa egzanp, yon anplwayè ka pa bay sipò finansyé a yon sendika swa pa pèman direk oswa èd finansyé endirek. (Men yon anplwayè pa violé entèdiksyon sa lè li pèmèt travayè yo konfére avèk li e/oswa sendika konsènan doléyans oswa afè lòt sendika pandan lè travay san ou pa pèdi salè.)

Lè sendika rival yo nan konpétisyon pou òganizé travayè yon patron, patron-an entèdi pou-l bay sendika li favorizé-a privilèj ke li refizé a yon lòt sendika. Li entèdi tou pou rekonèt kelkeswa sendika depi li konnen ke yonn nan sendika yo te depozé yon pétisyon valab avèk konsèy la pou mandé yon eleksyon prezantasyon. Lè yon anplwayè avèk yon sendika te deja établi yon relasyon negosiyasyon, sepandan anplwayè-a dwe kontinyé negosyé avèk titilè-a menm si yon sendika rival eseyé òganizé travayè yo. Nan sikonstans sa yo, rival ki dépozé pétisyon-an pa entèdi pou kontinyé negosyé ant anplwayè-a e titilè-a amwens ke titilè-a pèdi sipò yon majorité nan travayè yo.

Egzanp violasyon nan seksyon 8(a)(2). Yon anplwayè violé seksyon 8(a)(2) lè:

- Pran yon pa aktiv nan òganizé yon sendika oswa yon komité pou reprezanté travayè yo.

- Fè presyon sou travayè yo pou sipòté yon sendika finansyèman, eksepte nan yon ranfòsman légal akò sekirité sendika.
- Pèmèt yonn nan plizyè sendika, fè konpetisyon pou reprezanté travayè yo, pou mandé nan lakou travay pandan lè travay la e refizé a lòt sendika yo menm privilèj la.
- Mandé e obteni de travayè yo e aplikan yo pou anbochaj, pandan pwosesis anbochaj la, aplikasyon pou vini manm sendika e siyen otorizasyon pou prelevé kotizasyon sendika.

Rekou nan ka dominasyon diferan de ka asistans ilégal ak sipò. Pou remedyé jan de pratik delwayal travay sa, NLRB fè distinksyon ant dominasyon yon òganizasyon travay e kondwit ki ekivo pa plis ke asistans ilegal. Lè yo jwenn yon sendika ki dominé pa anplwayè-a, Konsèy la anonse ke l-ap bay lòd pou demantlé konplètman òganizasyon-an kòm reprezantan travayè yo. Men si yo jwenn òganizasyon-an te sipòtè sèlman pa asistans anplwayè-a pa yon èd ki mwens ke dominasyon, Konsèy la jeneralman òdoné anplwayè-a pou-l sispans kalité sipò sa e pou li retiré rekonesans òganizasyon-an jiskaske li sètifyé pa konsèy la kòm reprezantan bonn fwa travayè yo.

**Seksyon 8(a)(3)—Diskriminasyon kont travayè yo.** Seksyon 8(a)(3) fè li yon pratik delwayal pou yon anplwayè fè diskriminasyon kont travayè yo “sou zafè anbochaj oswa lokasyon travay oswa nenpòt tèm oswa kondisyon travay la” nan bi pou ankourajé oswa dekourajé pou vini manm yon òganizasyon travay. An jeneral, lwa fè li ilégal pou yon anplwayè fè diskriminasyon nan anbochaj paské yon travayè nan yon sendika oswa lòt gwoup nan proteksyon lwa. Yon fron komen travayè yo, menm nan absans yon òganizasyon fòmèl, kapab konstityé yon òganizasyon travay pou objektif nan seksyon 8(a)(3). Li égalman entèdi diskriminasyon paske yon travayè te absteni nan aktivité sendika oswa group aktivité eksepté lè genyen yon akò sekirite sendika ki efektif. Diskriminasyon nan définisyon lwa kapab enkli aksyon pou refizé anboché, revoké, retrogradé, asiyé yon lè travay ki pa dézirab oswa travay, oswa kenbe benefis.

Eksepsyon sekirite sendika nan seksyon 8(a)(3). Jan li te noté oparavan, Seksyon 8(a)(3) deklaré ke yon travayè kapab révoké paske li pa fè sèten vèsèman ke la lwa egzijé a ajan eksklizif négosiasyon-an anba yon akò légal sekirite sendika. Pou yon diskisyon pi aprofondi pou kesyon sa, gadé paj 2–3, anwo-a.

Menm lè genyen yon akò valab sekirite sendika ki anvigè, yon anplwayè pa kapab peyé sendika kotizasyon ak frè ke travayè yo dwé. Anplwayè-a kapab, sepandan, dédwè montan sa yo nan salè travayè yo e voyé-l bay sendika pou chak travayè kité siyen volontèman otorizasyon pou prelèvman kotizasyon-an. Jan de prelèvman otorizasyon sa kapab fèt irevokab sèlman pa plis ke yon lané. Men travayè yo ka anilé otorizasyon prelèvman aprè eleksyon Konsèy la koté otorite sendika pou li kenbe akò sekirite sendika te retiré.

Lwa pa limité dwa anplwayè-a pou-l révoké pou rézon ekonomik yo. Seksyon sa pa limité dwa anplwayè-a pou-l révoké, transferé, oswa mize andisponibilité yon travayè pou rézon ekonomik valab oswa pou yon bon rezon tankou dezobeyisans oswa mové travay. Dwa sa apliké égalman a travayè ki sipòtè aktivman yon sendika e lòt yo ki pa sipòtè-l.

Nan sitiasyon koté anplwayè-a disipliné alafwa yon travayè paske li te violé yon règleman travay e li te angajé nan aktivité pwotejé sendika, disiplin nan ilégal amwens ke anplwayè-a ka montré ke travayè-a te kapab resevwa menm disiplin nan menm lè li pa-t angajé nan aktivité pwotejé sendika.

Yon anplwayè ki angajé nan negosiyon bonn fwa avèk yon sendika ka fèmen deyò reprézantan travayè yo, pafwa anvan menm yon tonbé dakò rivé jwenn nan negosiyon yo, si li fè sa pou ranfòsé pozisyon li nan negosiyon. Men yon blokaj petèt ilégal si anplwayè-a nan lè sa refizé ilégalman pou-l negosyé oswa l-ap négosyé avèk movèz fwa. Li egalman ilégal si rézon anplwayè-a nan blokaj travayè yo se pou dekourajé yon an lwayoté yo anvè sendika e aktivité yo, sa se, si anplwayè-a motivé pa yon ostilité anvè sendika. Kidonk yon blokaj pou défèt efò sendika pou òganizé travayè yon anplwayè ap violé lwa, sèlman travayè li yo ki manm sendika. Sou yon lòt bò, blokaj ki légal genyen pou entansyon pou prevni nenpòt pèt inabityèl oswa ris sekirite ki kapab kozé pa yon grèv antisipé “grèv rapid”. E yon grèv fè wè kont yon anplwayè ki angajé-l nan negosiyon plizyè anplwayè jistifyé yon blokaj pa nenpòt lòt anplwayè yo ki fè pati négosiyasyon yo.

Egzanp vyolasyon nan seksyon 8(a)(3). Egzanp diskriminasyon ilégal anba seksyon 8(a)(3) enkli:

- Révoké travayè yo paske yo ankourajé lòt travayè pou yo rantré nan sendika.
- Refizé pou réprann travayè yo pou travay yo kalifyé lè pozisyon-an vini ouvri paske yo te patisipé nan yon grèv légal sendika te fè.
- Akòdé sipè “senyorite” a moun ki anboché pou ranplasé travayè ki te patisipé nan yon grèv légal.

- Retrogradé travayè yo paske yo t-ap sikilè petisyon pou sendika pami lòt travayè yo mandé anplwayè-a ogmantasyon nan salè yo.
- Diskontinyé opèrasyon nan yon izin e révoqué travayè yo ki enpliké kontinyé avèk ouvèti menm operasyon-an nan yon lòt izin avèk nouvo travayè paske travayè yo nan premyé izin nan rantré nan yon sendika.

- Refizé pou anboché aplikan kalifyé pou travay la paske yo fè pati yon sendika. L-ap égalman yon violasyon si aplikan kalifyé yo refizé travay paske yo pa-t fè pati yon sendika, oswa paske yo apateni a yon sendika olyé de yon lòt.

**Seksyon 8(a)(4)—Diskriminasyon pou Aktivité NLRB.** Seksyon 8(a)(4) fè li yon pratik delwayal travay pou yon anplwayè “revoké” oswa fè diskriminasyon kont yon travayè paske li te depozé yon plaint oswa te bay temwayaj anba lwa sa”. Pwotejé dwa travayè yo pou chaché pwoteksyon lwa lè yo itilize pwosesis NLRB. Tankou seksyon anvan, li entèdi yon anplwayè pou révoke, mété andisponibilité, oswa angajé nan lòt fòm diskriminasyon nan kondisyon travay kont travayè yo ki depozé yon plaint avèk NLRB, bay envestigatè NLRB yo sipò, oswa bay temwayaj nan odians NLRB yo. Vyolasyon nan seksyon sa nan pi fò ka tou violé seksyon 8(a)(3).

Egzanp violasyon nan seksyon 8(a)(4) se:

- Refizé pou réprann travayè yo lè travay yo kalifyé pou li-a ouvri paske yo te depozé plaint avèk NLRB deklaré mize andisponibilité yo te bazé sou aktivité sendika.
- Retrogradé travayè yo paske yo te bay temwayaj nan yon odians NLRB .

**Seksyon 8(a)(5)—Refizé pou négosyé an bonn fwa.** Seksyon 8(a)(5) fè li ilégal pou yon anplwayè refizé pou négosyé an bonn fwa sou salè, lè, e lòt kondisyon travay avèk reprézantan seleksyoné pa yon majorité travayè nan yon inité apropiyé pou négosiasyon kolektif. Yon reprézantan négosiyon k-ap chaché pou ranfòsé dwa li konsènan yon anplwayè anba seksyon sa dwe montré ke li te deziyé pa yon majorité nan travayè yo, ke inité-a apropiyé, e te genyen alafwa yon demann e ke anplwayè-a négosyé e yon réfi pa anplwayè-a pou-l fè sa.

**JAN DE KA I.**  
**CHAJ SOU PRATIK DELWAYAL TRAVAY (C Cases)**

**Chaj kont  
Anplwayè**

Seksyon nan lwa **CA**  
e8(a)(1) Pou entèféré  
avèk, kenbe, oswa  
kontrenn travayè yo  
nan egzèsis dwa yo  
anba Seksyon 7 (pou  
antré nan oswa asisté  
yon òganizasyon  
travay oswa pou  
absteni). 8(a)(2) Pou  
dominé oswa entèféré  
avèk fòmasyon oswa  
administrasyon yon  
òganizasyon travay  
oswa kontribyé  
finansyèman oswa lòt  
sipò a li menm.  
8(a)(3) Nan  
diskriminasyon sou  
anbochaj oswa fason  
anbochaj oswa  
nenpòt tèms oswa  
kondisyon travay pou  
ankourajé oswa  
dekourajé fè-w  
manm nan nenpòt  
òganizasyon travay.  
8(a)(4) pou révoké  
oswa otremman  
diskriminasyon kont  
travayè paske yo te  
bay temwayaj an akò  
a lwa. 8(a)(5) Pou  
refizé négosyé  
kolektivman avèk  
reprézantan travayè  
yo.

**Chaj kont òganizasyon Travay**

Seksyon nan lwa **CB**  
8(b)(1)(A) Pou  
kenbe, oswa kontrenn  
travayè yo nan  
egzèsis dwa yo anba  
Seksyon 7 pou antré  
nan oswa asisté yon  
òganizasyon travay  
oswa pou absteni).  
8(b)(1)(B) Pou kenbe  
oswa kontrenn yon  
anplwayè nan  
seleksyon  
reprézantan li yo pou  
négosiasyon kolektif  
oswa nan ajisteman  
doléyans yo. 8(b)(2)  
Pou kozé oswa tanté  
pou kozé yon  
anplwayè pou fè  
diskriminasyon kont  
yon travayè. 8(b)(3)  
Pou refizé négosyé  
kolektivman avèk  
yon anlwayè.  
8(b)(5) Pou egzijé  
oswa travayè yo yon  
pèman egzajéré oswa  
frè diskriminatwa  
poufè-w manm.  
8(b)(6) Pou kozé  
oswa tanté pou kozé  
yon anlwayè peyé  
oswa dakò pou péyé  
lajan oswa lòt bagay  
de valè pou sèvis ki  
pa-t pèfòmé oswa ki  
pa-t dwé pèfòmé.

Seksyon nan lwa **CC**  
8(b)(4)(i) Pou angajé  
nan, oswa pwovoké  
oswa ankourajé  
nenpòt endividi ki  
anplwayé pa nenpòt  
moun ki angajé nan  
komès oswa yon  
endistri ki afekté  
komès pou angajé  
nan , yon grèv, kanpé  
travay oswa boykotaj  
oswa menas (ii),  
kontrenn, oswa kenbe  
nenpòt moun ki  
angajé nan komès  
oswa nan yon endistri  
ki afekté komès, koté  
nan nenpòt ka yon  
objektif se: (A) Pou  
fòsé oswa mandé  
nenpòt anlwayè  
oswa moun ki  
anplwayè tèt yo pou  
yo rantré nan yon  
òganizasyon travay  
oswa òganizasyon  
anplwayè oswa pou  
rantré nan nenpòt akò  
ki entèdi pa seksyon  
8(e) (B) Pou fòsé  
oswa egzijé nenpòt  
moun pou sispann  
itilizé, vann, manié,  
transpòté, oswa  
otremman négosyé nan  
prodwi nenpòt  
pwodiktè, pwosesè,  
oswa manifakti, oswa  
kanpé fè biznis avèk  
nenpòt lòt moun,  
oswa fòsé oswa  
egzijé nenpòt lòt  
anplwayè pou  
reyòganizé oswa

Seksyon nan lwa **CD**  
8(b)(4)(i) Pou angajé  
nan, oswa pwovoké  
oswa ankourajé  
nenpòt endividi ki  
anplwayé pa nenpòt  
moun ki angajé nan  
komès oswa yon  
endistri ki afekté  
komès pou angajé  
nan, yon grèv, kanpé  
travay oswa boykotaj  
oswa menas (ii),  
kontrenn, oswa kenbe  
nenpòt moun ki  
angajé nan komès  
oswa nan yon endistri  
ki afekté komès, koté  
nan nenpòt ka yon  
objektif se: (D) Pou  
fòsé oswa egzijé  
nenpòt anlwayè pou  
bay yon travay  
patikilyé a travayè yo  
ki nan yon  
òganizasyon travay  
patikilyé , oswa yon  
kòmès patikilyé,  
atizanal, oswa klass  
olyé travayè nan yon  
lòt komès, atizanal ,  
oswa klass, amwens  
ke anlwayè sa pa  
konfòmé a lòd  
apwopriyé Konsèy la  
oswa sètifikasyon.  
Seksyon nan lwa (8g)  
pou fè grèv, pou  
piktaj oswa otremman  
konsèté pou refizé  
travay nan nenpòt  
établisman lasanté  
san notifiyé  
enstitisyon-an e sèvis  
fédéral médiasyon e

négosyé avèk yon  
òganizasyon travay  
kòm reprezantan  
travayè li yo  
amwens ke  
òganizasyon travay la  
te sètifyé. (C) Pou  
fòsé oswa egzijé  
nenpòt anplwayè pou  
reyòganizé oswa  
négosyé avèk yon  
òganizasyon travay  
patikilyé kòm  
reprezantan travayè li  
yo si yon lòt  
òganizasyon travay te  
sètifyé kòm  
reprezantan.

konsiliasyon pa ékri  
10 jou anvan aksyon  
sa.